

HEP C



Jwenn Tès la. Jwenn Tretman.
Jwenn Gerizon.


Epatit C se yon maladi fwa ki koze pa virus epatit C a (HCV) epi li pwopaje nan kontak avèk san ki enfekte. Sa ka rive lè ou:

- Pataje ekipman pou prepare, ak pran dwòg nan piki, oswa rale dwòg nan nen, tankou zegwi, sereng, recho, koton, dlo oswa chalimo.
- Fè tatou oswa pèse kò w nan yon anviwònman san lisans oswa enfòmèl, tankou prizon.
- Pataje atik pèsonèl ki ka vin an kontak ak san, tankou bwòs dan, razwa, tay zong oswa monitè glikoz.
- Pandan akouchman yon timoun ki gen epatit C.

Pifò moun ki gen epatit C pa gen okenn sentòm epi yo pa konnen yo gen epatit C. Si yo pa trete li, epatit C ka lakòz domaj nan fwa grav, fwa yo ka sispann fonksyone, epi yo ka gan kansè nan fwa ak mouri. Kontrèman ak epatit A ak B, pa gen okenn vaksen pou anpeche epatit C. Sepandan, si ou detekte li bonè epi ou jwenn aksè nan swen ak tretman bonè, sa ka anpeche domaj nan fwa. Gen fason pou trete ak geri Epatit C.

Ko-Enfeksyon Epatit C ak VIH

Anviwon yon ka (1/4) nan moun ki enfekte ak VIH yo enfekte ak epatit C tou. Maladi fwa a pwogrese pi vit kay yon moun ki enfekte avèk VIH ak HCV tou. Pami moun ki gen VIH ki itilize dwòg yo, ko-enfeksyon ak HCV komen (50%-90%). Gason ki gen VIH ki fè sèks ak gason yo ta sanble yo gen plis risk pou yo gen enfeksyon HCV. Sa kapab paske yo fè bagay ak bratalite oswa nan twou dèyè kote gen san. Epatit C ka trete kòrèkteman nan moun ki gen VIH. Moun ki ap pran PrEP pou anpeche enfeksyon VIH, ka gen risk tou pou epatit C epi yo ta dwe fè tès depistaj chak ane pou epatit C.

A close-up photograph of a young man with very short, light-colored hair. He is smiling broadly, showing his teeth. He is wearing a black t-shirt and a silver chain necklace. The background is slightly blurred, showing what appears to be a stone wall or a textured surface.

**Pou nenpòt moun ki gen
epatit C, ki pase tout
mizè mwen te pase,
mwen konprann. Mwen
te la tou. Bagay yo ap
amelyore. Bagay yo ap
amelyore anpil.**

Casey, Albany

HEPATITIS C Depistaj

Fè tès se sèl fason pou konnen si ou gen epatit C.

Ou ta dwe fè tès pou epatit C si ou:


- Gen 18 ane oswa plis (fè tès la omwen yon fwa).
- Ansent (fè tès la pandan chak gwosès).
- Konn pran dwòg nan piki, menm si se te yon sèl fwa depi plizyè ane pase.
- Gen VIH.
- Te resevwa don san oswa ògàn anvan 1992.
- Te resevwa faktè koagilasyon anvan 1987.
- Te ekspoze a san nan travay la pa zegwi oswa aksidan ak yon objè ki byen file.
- Te nan dyaliz pandan anpil tan.
- Gen tatou oswa kò w pèse pa yon atis san lisans, tankou nan lari, oswa pandan w nan prizon.
- Rale dwòg nan nen.

Tès Antikò Epatit C

Premye tès ou bezwen pou detèmine si ou gen epatit C se yon tès antikò epatit C. Sa se yon tès san ki ap chache antikò pou virus epatit C a. Tès la ka fèt nan kolekte yon echantyon san epi voye l bay yon laboratwa, oswa ak yon tès nan pwent dwèt alèd yon tès antikò rapid pou epatit C. Tès antikò epatit C a pral fè w konnen si w te enfekte deja avèk epatit C. Li pa pral di w si ou gen epatit C a kounye a. Ou pral bezwen yon dezyèm tès pou konnen si w enfekte aktyèlman.

Yon rezulta tès antikò epatit C kapab swa Pa-reyaktif / Negatif oswa Reyaktif / Pozitif.

- **Yon tès antikò ki pa-reyaktif oswa negatif** vle di ke ou pa aktyèlman enfekte avèk virus epatit C a. Sepandan, si ou te angaje nan konpòtman ki riske tankou pataje ekipman enjeksyon dwòg nan dènye 6 mwa yo, ou pral bezwen fè tès la ankò.
- **Yon tès antikò reyaktif oswa pozitif** vle di ke ou gen antikò epatit C nan san ou. Ou te ekspoze a epatit C yon lè. Ou ka enfekte avèk epatit C. Ou pral bezwen yon dezyèm tès pou konnen pou sèten.



**Li pa konplike. Fè yon tès
san senp epi resevwa
enfòmasyon nan men
doktè ou sou epatit C.**

Kenneth, Brooklyn

HEPATITIS C Dyagnostik

Si rezulta tès antikò epatit C ou reyaktif, ou pral bezwen fè yon dezyèm tès pou dyagnostike ak detèmine si ou gen epatit C nan moman an. Dezyèm tès la rele yon tès HCV RNA, epi tou li rele yon tès HCV PCR. Tès RNA la verifye prezans oswa kantite virus epatit C ki gen nan san ou. Rezulta tès HCV RNA se swa yo pa t detekte virus la, swa yo te detekte li. Pafwa rezulta a kapab rapòte tou kòm yon chaj viral (kantite virus ki gen nan san ou).

- Rezulta tès la ki di endetektab vle di ou pa gen virus nan san ou epi ou pa enfekte aktyèlman.
- Yon rezulta tès la ki di detektab vle di ke ou gen virus epatit C nan san ou epi ke ou enfekte aktyèlman avèk epatit C. Rezulta tès sa ka montre tou chaj viral ou.

Benefis Dyagnostik byen bonè Epatit C a

Yon fwa ou aprann ou gen epatit C, pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou tretman. Pa rete tann jiskaske ou santi ou malad pou jwenn tretman. Dyagnostik byen bonè ak siveyans medikal se kle pou pi bon rezulta sante. Menm anvan ou kòmanse tretman, gen anpil bagay ou ka fè pou rete an sante epi pwoteje fwa w kont domaj.

- Evite oswa diminye konsomasyon alkòl ou.
- Asire ou ke ou pran vaksen kont epatit A e B.
- Manje byen, fè egzèsis epi pran bon jan repo.
- Konsilte pwofesyonèl swen sante w pou egzamen regilye.
- Mande pwofesyonèl swen sante ou anvan ou pran nenpòt preskripsyon, medikaman san preskripsyon, sipleman, oswa vitamin.

Diminye Risk pou bay lòt moun Epatit C

- Si ou pran dwòg nan piki, fè li san danje jan ou kapab.
- Evite pataje nenpòt piki oswa lòt ekipman pou itilize dwòg (sereng, kòd, koton, recho, dlo, chalimo, elatriye).
- Evite pataje atik swen pèsonèl ki ka gen san sou yo - tankou razwa, bwòs dan oswa tay zong.
- Pratike sèks san danje nan itilize kapòt oswa baraj dantè Evite fè sèks ki gen ekspozisyon san oswa dechire tisi.

Epatit C pa pwopaje nan kontak nòmal tankou: etènye, touse, bay akolad, epi pataj objè manje (kiyè, fouchèt, kouto) oswa vè pou bwè.



**Fason ou pran epatit C a
pa enpòtan. An nou ede
youn lòt epi asire n tout
moun geri.**

Ronni, Manhattan

Yon fwa ou aprann ou gen epatit C, li enpòtan pou ou pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou tretman, menm si yo te refize ba ou tretman anvan oswa ou te gen yon tretman ki pa te mache. Prèske tout moun ka geri ak medikaman ki disponib kounye a. Pifò moun ka menm trete pou epatit C kay pwofesyonèl swen sante regilye yo.

Tretman Epatit C

- Tretman ka elimine virus epatit C a nan kò a. Yo rele sa yon repons viral soutni oswa SVR epi li konsidere kòm yon gerizon. Yon SVR diminye risk ou genyen pou domaje fwa ou epi amelyore kalite lavi ou.
- Nou rekòmande tretman pou pifò moun ki gen epatit C, ki gen ladan moun ki aktivman ap itilize dwòg, ki gen VIH, oswa ki gen maladi fwa avanse.
- Tretman epatit C fasil pou pran - souvan yon sèl dòz yon fwa pa jou pandan 8 a 12 semèn - epi li gen kèk efè segondè.
- Twa mwa (oswa 12 semèn) apre ou fini pran tretman epatit C ou, founisè swen sante ou ap repete yon tès RNA epatit C pou konfime tretman an reyisi.
- Si tès la pa detekte virus epatit C nan san ou, ou geri.
- Si toujou gen virus epatit C nan san ou, ou pa geri. Si ou pa geri, li enpòtan pou ou kontinye resevwa swen. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan avantaj ki genyen pou repete tretman epatit C. Yon konbinezon diferan medikaman ka travay pou ou.
- Li enpòtan pou konnen ke menm si ou trete avèk siksè, ou pa pwoteje pou anpeche w re-enfekte avèk epatit C nan tan k ap vini an.



**Apre tretman epatit C, mwen te
geri. Mwen pa te ka kwè sa. Li
te chanje yon bagay nan mwen,
li te ban m yon ti kras espwa ki
di bagay yo t ap vin bon.**

Liza, Buffalo

HEPATITIS C Tande Istwa nou yo



Aprann kijan ou ka ede elimine epatit C: health.ny.gov/nycureshepc

Pou jwenn plis enfòmasyon sou epatit C oswa pou jwenn yon pwogram echanj sereng oswa yon famasi ki vann sereng san preskripsyon, rele nan 1-800-522-5006 oswa ale sou www.health.ny.gov.

Pou jwenn èd pou itilizasyon dwòg, alkòl oswa pwoblèm jwèt aza, rele nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369).

1891 (Haitian Creole)



**Department
of Health**

7/21